Diploma Programme
Programme du diplôme
Programa del Diploma

# Shona A: literature – Standard level – Paper 1
# Shona A : littérature – Niveau moyen – Épreuve 1
# Shona A: literatura – Nivel medio – Prueba 1

Friday 8 May 2015 (afternoon)
Vendredi 8 mai 2015 (après-midi)
Viernes 8 de mayo de 2015 (tarde)

1 hour 30 minutes / 1 heure 30 minutes / 1 hora 30 minutos

---

### Instructions to candidates

- Do not open this examination paper until instructed to do so.
- Write a guided literary analysis on one passage only. In your answer you must address both of the guiding questions provided.
- The maximum mark for this examination paper is **[20 marks]**.

### Instructions destinées aux candidats

- N'ouvrez pas cette épreuve avant d'y être autorisé(e).
- Rédigez une analyse littéraire dirigée d'un seul des passages. Les deux questions d'orientation fournies doivent être traitées dans votre réponse.
- Le nombre maximum de points pour cette épreuve d'examen est de **[20 points]**.

### Instrucciones para los alumnos

- No abra esta prueba hasta que se lo autoricen.
- Escriba un análisis literario guiado sobre un solo pasaje. Debe abordar las dos preguntas de orientación en su respuesta.
- La puntuación máxima para esta prueba de examen es **[20 puntos]**.



2215 – 0643
© International Baccalaureate Organization 2015

International Baccalaureate®
Baccalauréat International
Bachillerato Internacional

Nyora mhenenguro yendima **imwe** chete. Unosungirwa kushandisa mibvunzo miviri inoenderana nendima yawasarudaza kuumba mhenenguro yako.

**1.**

**Chiroja**

Kunyange upenyu hwozombooma sei hwemuroja huri pamberi, mitemo gumi nefararira. Hanzi une vana vangani? Vakakura sei? Kana vachibvunza unoti zvimwe itsitsi. Unombofunga kuti pamwe ndichanzwa zvonzi ndichakubatsirai kutenga chikafu kana kubhadhara mari yechikoro nyambisirwa kunenge kuri kuda kuona kuti unokodzera here. Dai zvichizogumira ipapo zviri nani. Ndabva ndafunga pamwe pamba pandakambogara. Hanzi mutemo mukuru wepano ndowekuti varidzi vemba ndibaba naamai vako nokuti takafanana nevabereki vanokuchengetai vachikupai pokugara. Ko, taigozviita sei isu tichida pokugara?

Mumwe musi murume wangu akamuka ndokuenda kunogeza. Ndakanzwa amai vave kundidaidza zvikanzi, "Ndati ndikuudzei kuti mutemo wepano hapana roja rinotangira baba kugeza."

Izvi zvakandishungurudza asi hapana zvandaikwanisa kuita. Kubva zuva iri zvakaitika saizvozvo. Baba vakanonoka kugeza, maroja aitoenda kubasa vasina kugeza.

Takagara saizvozvo asi nokufamba kwemazuva, mitemo yaienda ichiwanda. Isu vekuda kuwacha zuva nezuva takamboomerwa nokuti mumwe nemumwe aiva nezuva rake rokuwacha. Kugeza waitofanirwa kugeza kamwe pazuva. Chakazonyanya kundishamisa ndechokuti pepa romuripo wemvura parakauya takadaidzwa zvikanzi chiverenganai moona kuti makamurana mari yemvura. Izvi zvaireva kuti ivo vakanga vasingabvisi mari iyi. Zvisinei, takabhadhara hedu.

Mwedzi wakapera ini ndokunotenga zvandaida. Handina kuziva kuti pane pandakanga ndatsaudzira. Sezvo ndaive nemari ndakatenga huku yangu. Pandakadaidzira mwana kuti andisvitse pokuchekera huku iyi amai vakabva vabudawo. Vakandibvunza vachiti, "Saka huku yenyu munoichekera pai?"

Ini handina kunzwisisa zvavaida kutaura ndichibva ndapindura ndichiti, "Ndiri kuda kuichekera mudhishi. Chete dhishi rangu idiki ndipeiwo rakati kurei." Vakafunga kuti ndiri kuvatsvinyira ndokutanga kupopota vachiti "Chero mukadya huku kana zvimwe zvakanaka sei asi musakanganwe kuti imba ino ndeyangu. Roja iroja bedzi. Iye zvino unoda kuzadza ropa pachivanze changu. Ndizvo here?" Ini ndakaramba ndinyerere. Ndakazonyeuririrwa nemumwe muroja kuti amai ava havadi kuti muroja adye zvakanaka. Hanzi chikafu cheroja isadza nematemba, rakito kana muriwo.

Ndakazombodaidzwa rimwe zuva zvikanzi, "Amai mwana mukaramba muchiita zvamunoita izvi handifungi kuti tinowirirana. Iye zvino vaenzi venyu havaperi. Munofanirwa kuti kana kwauya muenzi muuye kuzonyoresa kuti achagara mazuva mangani. Tiri kunzwanana here?"

Keresia Chateuka, *Masimba* (1995)

(a) Tsanangura zvaunofunga kuti ndizvo zvikuru zviri kunyunyutwa nomunyori mundima.

(b) Munyori asevenzesa nzira dzipi kuti muverengi afarire kana kusafarira vatambi vari mundima.

**2.**

**Handisi**

Handisi, kwete, ndaramba, ndati handisi
Handisi kani, handisi, handisi, ndati handisi
Handisi imba yakasara kumatongo
Imba yazara uswa, madzvinyu neturemwaremwa
Handisi ndove yedhongi kumakura
Ndove yanzwa nekutsokodzerwa, inopupuruka
Handisi kabhutisi kemwana kakasungirirwa mubhazi
Mwana wacho aikapfeka atove kamudhara.
Handisi bhara rakasendekwa nemadziro,
Rinomirira munhu kuti arisunde rifambe!
Kwete, ndaramba, ndati handisi
Zivai kuti,
Ndiri nzira ine vafambi
Ndiri pfuti ine nyere
Ndiri deze rine mbira
Ndiri mombe ine nyanga
Ndiri huku yakararira mazai,
Mazai achachochonywa mangwana.
Ndakutaurirai
Ndakunyepai
Saka chizivai
Ndine kumusha, ndine hama
Ndinotokwirawo bhazi
Kana ndasvika vanondichingurawo
Vopururudza, voti, 'Batai jongwe.'
Hongu, ndibateiwo nemaviri
Ndibateiwo semunhu,
Ndakazvarwawo, ndinorwadziwa
Ndiri munhu, ndideiwo sezvandiri
Handikumanikidzei kundida.

Ignatius Mabasa, *Ndafa here?* (2012)

(a) Musoro wenhetembo wabatsirei kunzwisisa zvinotaurwa munhetembo?

(b) Ipa pfungwa dzako pamusoro pokusevenzeswa kwedzokororo nefananidzo kuti kwapei munhetembo.